



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SENK GAYAN 1 MILYON DOLA 9YÈM
KONPETISYON ANYÈL JÈN ANTREPRIZ 43NORTH LAN**

Konpayi yo genyen 1 milyon dola yo chak nan yon gwo konfwontasyon ant jèn antrepriz yo – ki mete aksan sou solisyon ak pwodui revolisyonè pou fè avanse ekonomi inovasyon an nan Rejyon Lwès New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan nevyèm Final 43North anyèl yo, ki se konpetisyon 5 milyon dola pou jèn antrepriz nan Eta New York ki te fèt nan Buffalo, kote senk konpayi revolisyonè yo te jwenn 1 milyon dola investisman yo chak. Konpetitè yo ane sa a te soti toupatou nan peyi a ak osi lwen ke Lond pou fè pi bon diskou yo devan yon panèl jij distenge ak yon kay chaje nan Shea's Performing Arts Center (Sant Atistik Espèktak Shea). Chak gayan ekstrawòdinè yo pral deplase konpayi yo vin nan Buffalo epi travay nan enkibatè 43North nan Seneca One, pou pote nouvo djòb ak lide dinamik nan ekosistèm inovasyon Buffalo k ap grandi a.

"New York angaje pou l estimile kwasans nouvo jèn antrepriz inovatè ak kreyatif yo, epi konpetisyon 43North la se jis youn nan fason New York ap travay pou jwenn solisyon revolisyonè pou defi jodi nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite senk gayan antouzyas yo ki pral pote biznis k ap chanje jwèt la nan Lwès New York, anboche anplwaye, ogmante kapital, ak investi nan pwopriyete ak ekipman. Gras ak investisman New York kontinye fè nan 43North, n ap ajoute senk nouvo biznis ki pral sèlman ogmante ekselan repitasyon Buffalo kòm youn nan vil jèn antrepriz k ap grandi pi vit".

Gayan Konpetisyon 43North 2023 a se:

Guidesly – Topsfield, Massachusetts

- Guidesly se yon platfòm SaaS vètikal k ap sèvi mache gid lwazi deyò 40 milya dola ak yon mache pou konsomatè.

KAV – Redwood City, California

- KAV fabrike kas pèsonalize ki genyen prim ki fèt pou sove lavi epi redwi blési nan sèvo.

Kredit Academy – Miami, Florida

- Kredit Academy se yon platfòm alfabetizasyon finansye konplè ki ofri solisyon ki baze sou kredi ak etikèt blan, ki vize a ekipe konsomatè yo, sitou adolesan ak jèn adilt yo, ak konesans ak zouti pou konstwi bon kredi, pandan y ap bay enstitisyon finansye yo yon mwayen efikas pou angajman ak kwasans.

Stepwise – Cambridge, Massachusetts

- Stepwise fè elektrifikasyon kay, espesyalman pou enstalasyon rechaj EV ak ponp tèmik, ki rantab pou pwopriyetè kay yo pandan y ap pwoteje rezo elektrik la pou lavni.

StoreCash – San Jose, California

- StoreCash se yon solisyon peman mobil pou itilizatè yo peye bon mache ak fasil atravè kòd QR kounye a nan plis pase 200,000 kote, touche lajan kach maksimòm an retou nan magazen yo pi renmen yo.

Jij final annapre yo te seleksyone gayan 43North sa yo:

- Sutian Dong, Patnè nan Multitudes ak ko-fondatè Global Women in VC
- David Hall, Direktè nan Revolution and its Rise of the Rest Seed Fund
- Sandra Moore, Direktè Jeneral ak Direktè Enpak nan Advantage Capital
- Yancey Spruill, Natif Natal Buffalo Native ak Direktè Egzekitif Jeneral DigitalOcean
- Jenny Fielding, Ko-fondatè ak Direktè Asosye nan Everywhere Ventures

Anplis investisman 1 milyon dola a, chak konpayi resevwa sèvis konseye ki gen anpil valè, aksè a ekspètiz, espas biwo, ak entèraksyon avèk yon gwo rezo investisè. Pandan nèf ane ki pase yo, 43North te investi nan yon pòtfèy divèsifye ki gen 64 konpayi, prèske 60% ladan gen yon prezans kontinyèl nan Buffalo, 46 pousan nan yo gen fondatè moun koulè epi 26% gen fondatè fanm. Nan kòmansman ane sa a, 43North rapòte ke konpayi pòtfolyo li yo ansanm te kreye plis pase 1,100 djòb nan rejyon Lwès New York.

Ane sa a, anplis senk premye prim 1 milyon dola yo, pral genyen yon prim 25,000 dola Chwa Pèp (People's Choice) la, ki finanse pa Highmark Blue Cross Blue Shield, ke yo te bay Kredit Academy, ke odyans an dirèk aswè a te seleksyone pa mwayen vòt.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "ESD trè fyè pou l se yon motè pou 43North; nan pote jèn konpayi gwo kalite ak plis pase yon milye nouvo djòb nan Buffalo. Kounye a, pwòjektè yo vire sou gayan ane sa a, epi nou espere wè lide inovatè yo jenere rezilta pozitif nan yon pakèt endistri, pandan y ap ajoute tou nan ekosistèm antreprenarya rejyon an k ap grandi".

Prezidan 43North la, Mike Wisler, te deklare, "Nan 9yèm konpetisyon nou an, bon jan kalite konpayi ak fondatè 43North kapab atire yo te totalman vizib aswè a. Felisitasyon ak senk nouvo gayan nou yo epi byenvini nan Buffalo pou fè konpayi nou yo pase nan yon lòt nivo!"

Prezidan 43North, Colleen Heidinger, te deklare, "Nou kontan ajoute senk biznis pwometè sa yo nan pòtfèy nou an epi akeyi fondatè yo kòm senk nouvo rezidan nan rejyon nou an. Pandan n ap apwoche dizyèm ane nou an, prezans yo pral kontribiye nan elan ekosistèm antreprenarya Buffalo k ap devlope, epi li pral ede fòme yon avni pwospè ak dirab pou rejyon nou an".

Siksè 43North ak biznis ki genyen yo te jwe yon gwo wòl nan mete Buffalo sou kat la kòm youn nan vil jèn antrepriz k ap grandi pi vit. Se Eta New York ki finanse akseleratè biznis la epi li pral resevwa sipò nan men Empire State Development pou kontinye òganize gwo konpetisyon pou omwen twazan anplis.

Enfòmasyon sou 43North

43North se yon pwogram akseleratè ki akeyi yon konpetisyon startup chak ane, k ap investi 5 milyon dola ane sa epi atire ak kiltive konpayi ki gen gwo kwasans nan Buffalo, NY. Pòtfèy konpayi 43North yo resevwa tou espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon nan men konseye ki nan domèn ki lye yo, ak aksè nan lòt pwogram prim ankourajman tankou START-UP NY la. 43North fonksyone gras ak sipò Gouvènè Kathy Hochul, Empire State Development, Ralph C. Wilson, Jr. Foundatio, ak plizyè lòt esponsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)